# ÁJINIYAZ SHÍǴARMALARÍ - SARQÍLMAS BAYLÍQ

**Kojikbaeva Ziyada Adilbaevna**

**Abiev Islambek**

*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

İnsandı, onıń ruwxıy dúnyasın úyrenetuǵın jáne bir kúshli qural bar, olda bolsa, sóz óneri, kórkem ádebiyat esaplanadı. Ádebiyattıń insantanıwshılıq dep, shayır hám jazıwshılardıń bolsa insan ruwxınıń injenerleri dep táripleniwi biykardan-biykarǵa emes álbette. Xalqımız arasına mine usınday mashaqatlı tarawǵa tolıq ómirin hám biybaha talantın baǵıshlap, ádebiyatımızdıńǵáziynesinen múnásip orın iyelegen ólmeytuǵın dóretpeler jaratqan ullı sóz sheberleri – olardıń barlıǵınıń atların atap ótiw dáwir hám waqıt talabı bolıp esaplanadı.

Ájiniyaz poeziyası qaraqalpaq milliy ádebiyatında ornı úlken. Ol sarqılmas baylıq. Onı ádebiyatshılar da, tariyxshılarda, filosoflar da, pedagoglar da, kórkem ónertanıwshılar da izertlep kelmekte.

Joqarı oqıw orınlarında qaraqalpaq klassik shayırların úyreniwde arnawlı kurslar shólkemlestirilgen. Bular - Berdaqtanıw, Ájiniyaztanıw kursları.

Sońǵı jılları Ájiniyazdıń bay miyrasın milliy ǵárezsizlik hám gumanizm ideyaları kóz qaraslarınan úyreniwge umtılıwshılıq bayqaladı. Bul boyınsha bir qatar qaraqalpaq ilimpazları, Q.Bayniyazovtıń, A.Karimovtıń, A.Murtazaevtıń, K.Qurambaevtıń, K.Mámbetovtıń, B.Genjemuratovtıń, Q.Járimbetovtıń, P.Allambergenovanıń, T.Kerwenovtıń [2] hám basqalardıń maqalaların dissertatsiyaların, monografiyaların, ilimiy ocherklerin kórsetip ótiwge boladı.

Ájiniyaz poeziyasınıń kórkem-estetikalıq dárekleri boyınsha professor Q.Járimbetovtıń maqalasınıń qunı úlken [Járimbetov Q. 2014, -114]. Ájiniyaz shayırdıń ádebiy til baylıǵınan sheberlik penen paydalanǵanlıǵı, bunıń shayır poeziyasınıń xalıq arasında jáne de belgili bolıwǵa tásir etkenligi haqqında materiallardı gazeta betlerinde jiy ushıratıwımızǵa boladı. Mısal sıpatında, akademik J.Bazarbaevtıń «Ájiniyazdıń sóz marjanları – biybaha miyras» [Bazarbaev, 2004, 6] atamasındaǵı materialdı atap ótiwimizge boladı. Avtor Ájiniyaz shayırdıń sóz marjanlarınan sheberlik penen paydalanıwı nátiyjesinde onıń qosıqlarınıń tartımlılıǵı joqarı bolǵanlıǵın atap ótedi:

«Ájiniyaz dóretiwshiligi tereń mazmunlı, ótkir pikirli, filosofiyanıń astarlı ekenligin tán alıp, onı táriplegende, yaǵnıy xalıqqa sol turısında barlıq maǵızı menen kórsetiwde bizde ele qáte-kemshilik ushırap atırǵan sıyaqlı. Onıń maǵızın shaǵıp, tásirin páseytpey, kúshliligi hám saldamlılıǵı túrinde kórsetip, onı dúnyaǵa tanıtıw, onıń házirgi perzentleriniń wazıypası hám ruwxıy ármanlarınıń dál qaraw kerek». Shayır dóretiwshiligin úyreniw baǵdarları boyınsha, onıń dıqqat awdarılmay atırǵan yamasa az úyrengenligi tárepleri haqqında pikirler gazeta betlerinde járiyalanıp, tele kórsetiwler arqalı waqtı-waqtı berilip kelinbekte. Biraq bul baǵdardaǵı mateiallarda máselege házirgi dáwir ilimiy kóz qaraslarınan jantasıp konkret usınıslar jasaw jetispeydi. Konkret ilimiy usınıslar ǵana maqalanıń qunın kóteredi, shayır dóretiwshiliginiń ele de ashılmay kiyatırǵan tárepleriń kópshilikke tanıstıradı hám oqıwshılardıń dıqqatın tartadı. Ájiniyaz shayır jasaǵan dáwir sońǵı jıllarda tariyxıy orınlar, sharayatlar, faktlar menen baylanısları izertleniwi arqalı ilimpazlarımızdıń izleniwshilginen derek beredi. Mısalı: «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında járiyalanǵan filologiya ilimleri doktorı Qırıqbay Bayniyazovtıń «Ájiniyaz shayır oqıǵan Elmurat Axun meshiti qashan salınǵan?» dep atalǵan maqalalarda klassik shayır Ájiniyazdıń ómirine baylanıslı tariyxıy shınlıqtı, burın málim bolmaǵan yaki tartıslı bolıp kiyatırǵan faktlardı, maǵlıwmatlardı anıqlawǵa háreket seziledi. Shınında da, Ájiniyaz hám onıń dóretpeleri haqqında durıs bilmey turıp, olardıń ideyalıq, tematikalıq, tariyxıy mazmunın ashıw qıyın. Avtor óz maqalasında burınnan bar faktlerdi bir qatar qatıqulaq adamlardıń bergen maǵlıwmatları menen salıstırıp, anıq juwmaqlar islewge háreket etedi. Ájiniyazdı jaqsı biletuǵın úlken jastaǵı adamlardıń maǵlıwmatların keltiredi: «Úlken jastaǵı ǵarrılardıń aytıwına qaraǵanda, bunnan segiz ata burın qıyat urıwı, balǵalı suwmurın kóshesin Buxara jaqtan Sarjalǵa Qudıyar axun kóshirip ákelgen. Jolda olarǵa qaraqshılar topılıs jasaydı. Atıspada Barjash batırǵa oq tiyip, sol jerde jan tapsıradı. Qoshqar axun awır jaraqatlanıp, Aral teńiziniń túsligindegi atawlardıń birinde qaytıs boladı. Qudıyar axun mal-múlkinen ayrılıp, bala-shaǵaları menen Moynaq atawına zorǵa jetip qulaydı. Tazadan kóship kelgen qıyat balǵalılar eki-úsh túrli qıyınshılıqlarǵa duslasadı» [Bayniyazov J., 2014, -4].

İlimiy izertlew jumıslarında ájiniyaztanıwda hárqıylı kóz qaraslardan jantasıw, polemikalıq pikirler ushırasadı. Máselen, shayır Baxtıyar Genjemuratovtıń «Dúnya ádebiyatı maydanında Hajiniyaz Saadiy hám Hafız benen teń» atlı maqalası aldıńǵı dáwirdegi baspa sózde sáwlelengen maqalalardan XIX ásir qaraqalpaq klassik shayırı Ájiniyaz poeziyasına pútkilley jańasha jantasıwı menen keskin parıqlanıp

turadı. Avtor Ájiniyaz poeziyasın gumanistlik jolǵa baǵdarlanǵan jańa kóz qaraslar menen tallaydı. Ájiniyaz lirikada muhababattı jırlaǵanda lirikalıq qaharmannıń Alla talaǵa bolǵan muhabbatın názerde tutqanın bılay beredi:

«Joqarıda majaziy muhabbattıń adamnıń gózzalıǵına baǵıshlanǵan ıshqı ekenligin aytıp ótken edik. Al, adamnıń gózzalıǵına muhabbat-bul, Alla talaǵa degen muhabbat, yaǵnıy insannıń gózzalıǵı-bul, Alla talanıń gózzalıǵınıń kórinisi» [Genjemuratov B., 1992 -5].

Ájiniyaz shıǵarmaları boyınsha jarqın pikirler bildiriwshi ilmpaz filologiya ilimleriniń doktorı, professor Á.Paxratdinov esaplanadı. Onın «Ájiniyaz shayırdıń eller boylap sayaxatı» maqalasında Ájiniyaz shayır boyınsha bildirilgen N.Dáwqaraevtıń, A.Karimovtıń, S.Niyetullaevtıń pikirlerine qosımsha jańa ilimiy boljawdı usınadı. Shayır shıǵarmaların analiz etip onıń el aralap, xalıqlar turmısın kóriwden dóregen qosıqlarındaǵı adalattı izlegenligin atap ótedi.

«Ájiniyaz usaǵan dóretiwshilik iyeleri el gezip, dúnya kórip, basqa xalıqlar ómirleri menen tanısıp, ilim, pán, ádebiyat, mádeniyattıń ádillik, ádalatlıqtıń qaysı ellerde, qaysı xalıqlarda bar ekenligin kórgen. Ol kórgenlerin óz eline, xalqına aytıp kelgen, alıp kelgen. Ájiniyazdıń «Shıqtı jan» degen shıǵarmasında

Gezdim ol Noǵay, orıstı hámdagı Kıpshaq, Estek…
…Jaqayım Jekeyni gezdim, kırǵızıw-uwıq bilan,
Shıljuwıt, Shúyitti gezdim hám Tilew qabaq bilan…
Ashshı oyıl, Kishik oyıl, Qobda, Elek, gezdim Jayıq!

Ah dariǵa, wah dariǵ, mıń sanı árman shıqtı jan! – degen qatarlarına qarap, kóp adamlar Ájiniyaz óz qalıńlıǵın tappaǵanı haqqında anıq aytqan» dep kórsetedi. Al mahbub sózi arabshada, parsıshada jaqtı nur, «jol kórsetiwshi juldız» degenli bildiredi. Al túrkshede «Eń súygenimdi» ańlatadı.

Ájiniyaz shayırdıń basqa ellerge jasaǵan sayaxatlarındaǵı baslı maqset, qalıńlıgın izlew emes, óz eliniń kóp jıllardan berli ádalatsızlıq, teńsizliklerden qıynalıp atırǵanlıǵın kórip, basqa ellerdi aralap olarda qanday jámiyetlik basqarıw sistemalardıń barlıǵın kóriw edi.

Tappadıım mahbubimni, gezip jáhándı hesh xabar,

Ah dariǵa, wah dariǵ, mıń sanı árman shıqtı jan! – dep jazıp júrgeniniń sebebi usında. O'ytkeni, ol óziniń izlegen úmitin, idealın, kútken máselerdiń sheshimin hesh jerden de, hesh xalıqtan da tappaydı. Ol usı nurdı izlewdiń sergizdanlıǵında boladı» [Paxratdinov Á., 2014,- 61].

İlimpazdıń «Sóz zergeriniń Watan, ádalatlıq hám insanıylıq ideyaları» [Paxratdinov, 2014,-5] degen maqalası dıqqatqa ılayıq. Ol óz maqalasında klassik shayır Ájiniyazdıń Watan haqqındaǵı qosıqların tallap ótedi. Avtordıń kórsetiwi boyınsha Ájiniyaz shayır óziniń kóplegen shıǵarmalarında Watan, ádalatlıq, xalıqlar doslıǵı, azatlıǵı, ulıwma insanıylıq haqqındaǵı ideyalardı xalıqlıq, jámiyetlik túsinikler retinde birinshi jobaǵa shıǵardı hám birinshi gezekte, óz dóretiwshiligin usı ideyalarǵa qurıwdı óz aldına wazıypa etip qoyadı. Maqala sońında avtor Ájiniyazdıń qosıqların turaqlı oqıp barsaq hám oqıǵanlarımız boyınsha tereń pikirler júritsek, sonda ǵana shayır miyrasları ruwxıy baylıǵımızǵa aylanadı dep juwmaq jasaydı.

Usı baǵdardaǵı jáne bir materialǵa itibar qaratıp óteyik. Tariyx ilimleriniń doktorı, professor Baxıt Qoshanovtıń «Ájiniyazdıń jaslar tárbiyasına kóz qarası» [Qoshanov B., 2014,-6] - dep atalatuǵın materialda avtor klassik shayırımız Ájiniyazdıń qosıqlarınıń jaslarda Watanǵa, el-xalıqqa súyiwshilik, sadıqlıq sezimlerin hám basqa da máńgilik qádiriyatlarǵa húrmet sezimlerin tárbiyalawdaǵı roline toqtap ótken. Avtor maqalada qurǵaq gáplerden qashıp, óz pikirlerin tastıyıqlaw ushın shayır dóretiwshiliginen mısallar keltiriwge olardı maqsetke ılayıq tallawǵa háreket etken. Mısal ushın:

«Birewde bar pitken aqıl.
Juqpay keter súrtken aqıl.
Oydaǵını bilip bolmas.
Burıńǵıdan qalǵan naqıl».

Biz insandı hár tárepleme kamal taptırıw tálim-tárbiyanıń kúshi menen ámelge asatuǵınıń, sebebi tálim-tárbiya insandı hámme nárseden joqarı kóterip turatuǵın hám áwladtan- áwladqa ótip otıratuǵın máńgilik miyras ekenligin uǵamız. Adamlar tuwılǵanda jaman yaki jaqsı bolıp dúnyaǵa kelmeydi, hámme nárse tárbiyaǵa baylanıslı. Hár bir xalıqtıń keleshegi, mámlekettiń kúsh-qúdireti kóp jaǵınan áwladlar tárbiyası menen baylanıslılıǵın kórsetedi». Avtor durıs pikirdi bildirgen. Shayırdıń hárbir tásirli qatarın jaslarımızdı ruwxıy tárbiyalawda nátiyjeli paydalanıw múmkin.

Hár qanday millittiń milliy mánewiyatı onıń tariyxı, ózine tán úrip-ádeti hám dástúrleri, turmıslıq qádiriyatlarınan bóleklep kóz aldımvzǵa keltire almaymız. Bul baǵdarda, tábiyiy túrde, mánawiy miyras, mádeniy baylıqlar, eski tariyxıy estelikler eń tiykarǵı kriteriyalardıńbiri bolıp xızmet etedi.

Xalqımızdıń mádeniy miyraslarınıń qatarında Ájiniyaz babamızdıńólmes shıǵarmaların tusinemiz. Kórkem sóz ustası jamiyettegi hádiyselerdi obyektiv bayanlawı menen xalıq dártin ózinde sińdire alǵan.

Ol gózzallıq qubılıslardı súwretlep hám sezimlerin janlardıra bildi, gózzallıqtı túsinbewshilerdi qaraladı. Onıń dóretiwshilginde úlken miyras sonnan ibarat,milliy úrip-ádet hám dástúrlerimizdi shıǵarmalarına sińdiriw hám basqalar sanasına kirgize aldı.Ájiniyaz shıǵarmalarınıń ǵalabalıǵına erisiw ushın tek baspasózde emes, radio hám televideniede de turaqlı násiyatlanıw zárúr.

## ÁDEBIYATLAR


1. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. 1988-жыл.
2. Байниязов Қ. Қосықтың күши. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977, 42-53-бб.; Каримов А. Адебиятымыздың гейпара мәселелери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 139-149-бб.; Муртазаев А. Шайырдын муҳаббаты. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 86-116-бб.; Хамидий Х. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. Нөкис, «Билим», 1991, 145-170-бб.; Курамбаев К. Взаимное обогащение литератур. Нукус, «Билим», 1993, с. 41-55, 84-111; Мамбетов К. Наўайы ҳәм қарақалпақ әдебияты. Нөкис, 1991; Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997; Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. Нөкис, «Билим», 1998; Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004, 139-б.; Алламбергенов П. Традиции Махтумкули в каракалпакской литературе. Автореферат канд. дисс. Нукус, КГУ, 1999; Керўенов Т. Мифлер ҳәм аңызлардың қарақалпақ жазба әдебиятында қолланылыўы. Нөкис, «Билим», 2013.
3. Базарбаев Ж. Әжинияздың сөз маржанлары – бийбаҳа мийрас. // Еркин Қарақалпақстан. 2004-жыл, 12-август.
4. Генжемуратов Б. Дүнья әдебияты майданында Ҳажинияз Саадий ҳәм Ҳафыз бенен тең. // Қарақалпақстан жаслары. 1992-жыл, 19-ноябрь.
5. Қощанов Б. Әжинияздың жаслар тәрбиясына көзқарасы. // Қарақалпақстан жаслары. 2014-жыл, 24-июль.
6. Жаримбетов Қ. Әжинияз поэзиясының көркем-эстетикалық дереклери. Қарақалпақ мәмлекетлик университети Хабаршысы. 2014-жыл, №2. 111-117-бб.
7. Пахратдинов Ә. Әжинияз шайырдың еллер бойлап саяхаты. «Әмиўдәрья» журналы. 2014-жыл, №2.
8. Пахратдинов Ә. Сөз зергериниң Ўатан, әдалатлық ҳәм инсаныйлық идеялары. // Устаз жолы. 2014-жыл, 15-ноябрь.